

# Kou sou Mak Mitigasyon Risk pou Ranfòse Rezistans

---

Release Date: October 6, 2022

**ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken yo** - Anvan dlo a te kòmanse bese epi van yo te vin kalm an 2017, yon fraz te demake rès yo pou senbolize rekouvreman - "VI Strong." Ekspresyon sa a non sèlman reflekte lespri moun Zile Vyèj yo, men tou kaptire efò rekiperasyon yo nan senk (5) dènye ane ki sot pase yo. Bati "VI Strong" vle di sèvi ak resous pou non sèlman rebati sa ki te pèdi, men tou pou rebati sa ki pi solid ak pi rezistan pou pwoteje kont katastwòf yo alavni.

Kowòdinasyon ant FEMA ak teritwa a, ki gen ladan Biwo Sekirite Sosyal ak Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj yo, te mennen nan fòmasyon anpil pwojè rekiperasyon ak rezistans. Pwojè yo enkli ranfòse rezo elektrik la, ak ranfòsman kay ak enfrastrikti enpòtan yo.

Pwojè renouvèlman van yo se yon domèn ki enterese nou anpil. FEMA ak teritwa a kontinye travay ansanm pou minimize domaj nan lavni. Yon modènizasyon van gen ladan renovasyon espesifik nan do kay yon etablisman, fenèt yo, ak pòt yo ogmante kapasite yo pou reziste van fòs siklòn yo.

Nan St. Thomas, nan Kanpis Inivèsite Zile Vyèj Orville E. Kean (University of the Virgin Islands Orville E. Kean Campus), gen yon pwojè 4.1 milyon dola pou modènizasyon nan konsepsyon van espesyalman pou etidyan rezidansyèl yo ak Bibliyotèk Ralph M. Paiewonsky. Renovasyon bilding yo sou lakou lekòl la ap chèche diminye domaj nan evènman van alavni yo epi pèmèt pi bon pwoteksyon pou etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo.

Toupatou nan teritwa a, FEMA ap sipòte tou modènizasyon van nan plizyè kominote lojman yo. Sandra Lashley te deklare "Nou gen gwo pwojè lojman ki pral bay ranfòsman van nan plizyè konplèks lojman piblik, 44 bilding rezidansyèl yo ak yon sant kominotè," Sandra Lashley ki se Direktè Adjwen Branch Biwo Jwen Rekouvreman pou Risk nan USVI FEMA te deklare. "Nou gen pwojè chanm sekirite lekòl tou nan St. Thomas, ki gen ladan Lekòl Segondè Charlotte Amalie, ki pral gen yon tèren espò rekonstwi pou satisfè estanda nòm sal sekirite yo. Sal sa



**FEMA**

Page 1 of 4

a pral bay espas pou 1,475 rezidan yo. Nou gen plizyè pwojè drenaj ak jeneratè tou, ansanm ak lòt pwojè ranfòsman van pou zile a.”

Nan St. John, pwojè pou Renovasyon Van Fondasyon Rezidans Kominotè St. John pwopoze pou ranfòse 97 rezidans sou zile a pou reziste omwen ak yon evènman van 100 ane. Pwojè \$7 milyon sa a gen ladan rekonstruksyon estriktirèl oswa mare twati kay rezidansyèl yo. Lòt mezi ka gen ladan ranfòsman vantilasyon, fe kay, ak piyon anlè ki sou mi yo; pwoteje ouvèti bilding yo kont debri van; ranfòse mi piyon yo ak ranfòse koneksyon yo nan estrikti ki tache yo.

Lashley te deklare: “Pwojè ranfòsman van sa a sou St. John se yon pwojè siksè kote nou deja wè ki fè yon diferans.

Chanm sekirite Sant Kominotè St. John ak modènizasyon bilding lan se yon pwojè ki ase nouvo ki pral rekonstri oswa modènize Sant lan nan yon etablisman de (2) etaj epi ki pral enkòpore yon chanm sekirite kominotè. Yon chanm ki an sekirite se yon estrikti ki fè ak ranfòsman espesyalman pou satisfè kritè FEMA yo epi ki ofri 72 èdtan pwoteksyon prèske total nan evènman van ekstrèm, tankou tònad ak siklòn.

Lòt pwojè yo ki nan St. John gen ladan liy sèvis piblik yo ki anba tè, ranplasman poto sèvis piblik an bwa yo ak poto ki konpoze, yon fèm van solè ak plizyè pwojè drenaj.

Nan St. Croix, gen yon pwojè \$129.7 milyon pral konstwi yon plant fotovòltayik pou jenerasyon solè 20 megawat ak yon Sistèm depo enèji batri 20-megawatt pou bay enèji renouvlab nan teritwa a pandan y ap ogmante fyabilite nan griy elektrik la. Efò sa a pral bay pati nan St. Croix enèji pandan evènman move tan yo.

Lè dlo ap koule desann anpil epi byen vit, bon drenaj ka fè diferans ant izolasyon konplè ak aksè nan manje ak dlo ki pou sove lavi pandan yon kriz. Gen plizyè pwojè drenaj nan travay yo tankou Gallows Bay, La Reine Intersection ak Estate Paradise Drainage. Drenaj Gallows Bay la ap chèche elimine inondasyon epi anpeche lòt domaj sou wout ak sistèm dlo egou ki lakòz inondasyon aktyèl la. Drenaj Entèseksyon La Reine gen ladan konstriksyon yon letan retansyon anlè Entèseksyon La Reine ki pral soulaje inondasyon kontinyèl nan entèseksyon an, ak kay ak biznis yo ki ozalantou. Estate Paradise Drainage amelyore ak re-dirije drenaj inondasyon dlo an pou diminye domaj epi anpeche tout pwoblèm sa lakòz



**FEMA**

Page 2 of 4

sou rezidan yo nan zòn nan.

Dènyèman, teritwa a te kòmanse travay pou kominote lojman Walter I.M. Hodge Pavilion, ki gen ladan \$25.3 milyon dola nan finansman pou yon pwojè van. Hodge Pavilion gen 20 bilding rezidansyèl, yon bilding biwo ak yon sant kominotè. Etablisman sa a pral renove ak fenèt ak pòt ki reziste van siklòn epi li pral bay pwoteksyon kontinyèl chaj lè yo mare twati a desann nan fondasyon an.

Lòt pwojè yo enkli modènizasyon van pou yon kantite pwopriyete, pwojè jeneratè pou divès etablisman, etablisman ki gen sèvis enpòtan yo, ansanm ak chanm ansekirite pou premye sekouris yo lè gen ijans.

De (2) pwojè enpòtan chanm sekirite yo kounye a kin nan faz konsepsyon sitiye nan Central High School ak Arthur Richards School. Pwojè sa yo pral ranfòse jimnazyòm ki rekonstwi a pou satisfè nòm chanm ki an sekirite yo. Chanm ki ansekirite yo ka bay espas pou 938 rezidan nan Central High School ak 690 rezidan nan Arthur Richards School.

Sant Operasyon Ijans VITEMA St. Croix fè pati tou kòm yon pwojè modènizasyon van ak sal sekirite \$22.5 milyon dola.

Nan Water Island, gen yon pwojè Renovasyon Van Water Island Firehouse.

Lashley te deklare: "Se yon pwojè modènizasyon van pou yon kay ponpye volontè, ki se tou bilding prensipal gouvènman an sou Water Island ak sant kominikasyon pou sèvis enpòtan yo. "Pwojè sa a gen prèske \$34,000 pou yon modènizasyon van." Rebati plis pase restore enfrastrikti pou tounen nan kondisyon anvan katastwòf la, li ap poze fondasyon pou yon Zile Vyèj ki pi rezistan. Atravè inisyativ mitigasyon, ansanm, FEMA ak teritwa a kapab diminye enpak katastwòf yo alavni. FEMA pran angajman pou l asire tout moun Zile Vyèj yo "VI Strong".



**FEMA**

Page 3 of 4



Kay sa a ki nan Pine Peace nan St. John te resevwa panno woulan pou reziste anba van tanpèt. Fondasyon Kominotè St. John te resevwa 7 milyon dola nan men FEMA pou ranfòse twati, fenèt ak pòt 97 kay sou zile a pou pi byen reziste ak van ak lapli. FEMA/Eric Adams



**FEMA**